

**KRITIK SOSIAL POLITIK LAN EKONOMI**  
**SAJRONE ANTOLOGI GEGURITAN PUSER BUMI**  
**ANGGITANE MAS GAMPANG PRAWOTO**  
**(Tintingan Strukturalisme Genetik)**

**Siti Nur Aisah, Drs. Bambang Purnomo, M.Si**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)  
Fakultas Bahasa dan Seni  
Universitas Negeri Surabaya  
sitinuraisah648@yahoo.com

**Abstrak**

Geguritan sajrone *Antologi Geguritan Puser Bumi* mujudake karya sastra kang tuwuh saka anane kadadean-kadadean utawa kanyatan urip kang sabanjure diolah, didhapuk, lan dilarasake karo *imajinasine* pengarang. Minangka sawijining karya sastra, *Antologi Geguritan "Puser Bumi"* nggambarake kahanan kang ana ing sakiwa tengene pangurit lan asil saka pengalamane pangurit piyambak kang diwujudake lumantar karya sastra awujud geguritan.

Adhedhasar kanyatan panliten mau, mula ditetepake underane panliten yaiku : (1) kepriye aspek tematik sajrone AGPB anggitane Mas Gampang Prawoto?, (2) kepriye pamawasing jagade Mas Gampang Prawoto sajrone antologi geguritan *Puser Bumi* ?, (3) kepriye sambung rapete tema kritik sosial politik lan ekonomi karo profesane panggurit minangka guru sajrone antologi geguritan *Puser Bumi*?, (4) kepriye fungsi geguritan ing antologi geguritan *Puser Bumi* anggitane Mas Gampang Prawoto?. Tujuan panliten iki yaiku : (1) njlentrehake aspek tematik sajrone antologi geguritan Puser Bumi anggitane Mas Gampang Prawoto, (2) njlentrehake pamawasing jagad Mas Gampang prawoto sajrone antologi geguritan Puser Bumi, (3) njlentrehake sambung rapete tema kritik sosial politik lan ekonomi karo profesane panggurit minangka guru?, (4) njlentrehake fungsi antologi geguritan *Puser Bumi* anggitane Mas Gampang Prawoto.

Panliten iki mujudake jinis panliten deskriptif kualitatif lan nggunakake metode hermeutik. Kanthi menahi tafsiran saka sumber dhata kang wis diklumpukake banjur digayutake karo kasunyatan kang ana ing bebrayan lan pamawasing jagade pangripta, mula digunakake pamarekan strukturalisme genetik. Data kang diteliti diklumpukake kanthi metode *reduction*, *reduction* yaiku nyeleksi dhata kanthi cara munjerake marang dhata kang dibutuhake miturut kriteria kang ditemtokake. Teknik nglumpukake dhata kanthi teknik pustaka, waca, lan cathet. Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku arupa tembung, frase, klausa lan ukara sajrone geguritan sajrone antologi geguritan Puser Bumi anggitane Mas Gampang prawoto kang tumuju marang tintingan strukturalisme genetik.

Asiling panliten iki nuduhake yen ana tema kritik sosial politik lan ekonomi kang ana sajrone antologi geguritan *Puser Bumi*, anggitane Mas Gampang Prawoto. Tema kasebut mujudake salah sawijining gegambaran kasunyatan kang ana ing bebrayan sakiwa tengene panggurit. Tema politik lan ekonomi kayata ngenani, politik kang ora sehat, kahanan ekonomi kang kurang stabil, rebut kalungguhan utawa jabatan, hukum dadi dolanan. Kang pungkasan ngenani para pejabat kang seneng ngumbar janji. Mas Gampang Prawoto nduweni pamawas yen kahanan politik lan ekonomi nduweni sesambungan, politik ora bisa ngadheg dhewe tanpa ekonomi utawa dhuwit. Dene pamawase jagad masyarakat ngenani kahanan politik lan ekonomi bisa dingerteni saka kedadeyan-kedadeyan kang ana ing bebrayan salah sawijine lumantar ariwanti bisa dingerteni kahanan politik lan ekonomi yaiku kayata rebut kalungguhan, para pejabat kang seneng ngumbar janji, kahanan ekonomi kang ora stabil. Kang pungkasan hukum kang kurang adil.

**PURWAKA**

**Landhesane Panliten**

Sastra mujudake salah sawijining seni kang tuwuh saka pamikir lan pangrasane manungsa, kang diwedharake lumantar media basa. Sastra asale saka tembung *Sas* (Sansekerta) kang nduweni teges ngarahake, mulang, menahi cara lan menahi gagasan. Dene tembung *Tra* nduweni teges, piranti utawa sarana (Teeuw, 1998:23). Wellek lan Warren (1995:109) njlentrehake yen sastra kuwi nyeretakake babagan urip lan panguripan kang lumrah ana ing bebrayan agung, lan kahanan-kahanan sosial tartamu. Kahanan sosial kasebut bisa arupa cara *adaptasi* manungsa marang komunitas kelompok tartamu, gegayutane manungsa

karo kaluwargane, lingkungane, kagiyatan-kagiyatan kalembagaan sosial, kayata ekonomi, agama, politik sajrone bebrayan lan sapanunggalane. Kahanan sosial kasebut nduweni gegayutan karo sosialogi, amarga sosiologi ngrembang bab lembaga-lembaga sosial lan masalah ekonomi, agama, politik, lan sapanunggalane kang kabeh kuwi mujudake struktur sosial. Kagiyatan sosial kang ana ing masyarakat kang ana gegayutane karo kalembagaan lan struktur-struktur sosial dirembung sajrone kajian sosiologi yaiku kajian kang ngrembang ngenani struktur sosial kang ana ing masyarakat. Sajrone karya sastra uga bisa dingerteni proses sosial utawa kagiyatan sosial kang diandharake dening pangripta sajrone karya sastra.

Salah sawijining karya sastra kang nggambarake kahanan kang ana ing bebrayan yaiku *Antologi Geguritan Puser Bumi* kang cacahé 74, bakal dipilih geguritan kang nduweni tema sosial sing mligine nggambarake kritik sosial politik lan ekonomi. Tema-tema kasebut dipilih, amarga nduweni gegayutane karo panguripane pangripta sajrone bebrayan, Geguritan kang kapilih cacahé ana 16 yaiku : *Kleting abang* (KA), *Ngungkal pacul* (NP), *Jarene* (JN), *Garudhaku* (GRD), *Mahasiswa unggah-unggah* (MUU), *Semar kuncung* (SK), *Umbul* (UB), *Jaka tarub nawang wulan* (JTNW), *Geneya* (GN), *Gamel* (GM), *Tekek* (TK), *Wedhus* (WDS), *Slogan* (SG), *Uler* (UL) , *Golek uceng kelangan dheleng*(GUKD), *Leles* (LS), *Pacoban* (PB), lan *Lemah aking* (LA).

Cara napsirake tema kang ana sajrone geguritan kanthi cara maca struktur ing geguritan kang digayutake klawan pamaca *hermeneutik*. Kajaba *aspek tematik*, panliten iki uga ngandharake pamawase Mas Gampang prawoto ngenani kahanan politik lan Ekonomi, pamawase masyarakat ngenani kahanan politik lan ekonomi, pamawasing jagad ngenani kahanan politik lan ekonomi. Kang pungkasan bakal ngandharake ajining kanggo bebrayan. Panliten kanggo ngonceki gegayutane karya sastra kalawan pangriptane iki nggunakake tindingan strukturalisme genetik, tindingan kang ngonceki struktur teks kang ana gegayutane karo subjek kolektif.

Strukturalisme genetik mujudake studi sastra kang nggayutake antarane struktur karya sastra lan struktur masyarakat kang diandharake lumantar pamawasing jagad utawa ideologi (Endraswara, 2003:57). Adhedhasar pamawas mau, panliten iki bakal diwenehi irah-irahan *Antologi Puser Bumi Anggitane Mas Gampang Prawoto Tindingan Strukturalisme Genetik*.

#### **Undheran Panliten**

Adhedhasar lelandhesaning panliten ing ndhuwur, bisa didudut undheraning panliten ing antarane :

- 1) Kepriye *aspek tematik* sajrone antologi geguritan *Puser Bumi* anggitane Mas Gampang Prawoto?
- 2) Kepriye pamawase Mas Gampang Prawoto ngenani kahanan politik lan ekonomi kang ana ing bebrayan?
- 3) Kepriye pamawase masyarakat ngenani kahanan politik lan ekonomi?
- 4) Ajining guritan kanggo bebrayan?

#### **Tujuwan Panliten**

Tujuwan saka panliten iki antarane yaiku :

- 1) Njlentrehake *aspek tematik* sajrone antologi geguritan *Puser Bumi* anggitane Mas Gampang Prawoto.
- 2) Njlentrehake pamawase jagad Mas Gampang Prawoto ngenani kahanan politik lan ekonomi kang ana ing bebrayan?
- 3) Njlentrehake pamawase masyarakat ngenani kahanan politik lan ekonomi?
- 4) Njlentrehake ajining guritan kanggo bebrayan?

#### **Paedah Panliten**

- 1) Bisa menehi sumbangsih tumrap pangrembakaning ilmu basa mligine tumrap tindingan struktural genetik.
- 2) Bisa menehi pamawas tumrap pamaos ngenani struktur geguritan lan pamawasing jagade panggurit antologi geguritan anggitane Mas Gampang Prawoto.
- 3) Bisa menehi pamawas tumrap pamaos menawa karya sastra iku ora mung minangka panglipur nanging uga ngandhut pitutur kang bisa didadekake patuladhan.

#### **Wewatesan Panliten**

Panliten kang bakal dilakoni iki winates ing geguritan-geguritan sajrone antologi geguritan *Puser Bumi* anggitane Mas Gampang Prawoto yaiku bakal njupuk geguritan kang nduweni tema kritik sosial sing mligine nggambarake ngenani kahanan politik lan ekonomi masyarakat sakiwa tengene pangripta, geguritan kang bakal dirembung cacahé ana 16 geguritan-geguritan saka antologi geguritan *Puser Bumi* anggitane Mas Gampang Prawoto.

#### **TINDINGAN KAPUSTAKAN**

##### **Geguritan**

Geguritan sejatine saka tembung lingga gurit kang nduweni teges rong warna, kapisan tegese yaiku tulisan kang awujud tataan. Kapindho nduweni teges, yaiku kidung utawa tembung (Padmosoekotjo, 1953:66). Dene miturut Aminudin (2010:134) ngandharake yen kanthi etimologi tembung geguritan asale saka basa Yunani “*poeima*” kang nduweni teges “*ngripta*” utawa poeisi kang nduweni teges “*cara nggawe*”, lan ing basa Inggris diarani poem utawa poetry. Geguritan ditegesi nggawe utawa cara nggawe amarga kanthi ngripta sawijining geguritan pawongan mau paribasan wis nggawe “*donya*” dhewe kang nduweni isi kanthi wujud pesen utawa gegambaran swasana-swasana tartamtu sajroning batin utawa fisike.

##### **2.3.1 Struktur Geguritan**

Geguritan nduweni struktur kang wigati, sajrone ngerteni makna, pamaos kudu ngerti struktur kang wangun geguritan. Unsur intrinsik sajrone geguritan diperang dadi loro yaiku struktur lair, lan struktur batin geguritan.

###### **2.3.1.1 Struktur Lair Geguritan**

###### **1) Swara**

Miturut Pradopo (1997:22) swara kajaba kanggo rerengganing geguritan uga nduweni kaguna yaiku kanggo landheping pangucapan, nuwuhake rasa lan gegambaran pangangen-angen kang cetha, nuwuhake sawijining swasana kang khusus lan sapanunggalane. Aminuddin (2009:137) uga nduweni pamawas yen ing sajrone geguritan ana tetembungan kang ngemu swara vocal kang saemper. Tetembungan kanthi vocal kang padha mau bisa manunggal,sajrone gatra utawa pada.

###### **2) Tembung**

Tembung sajrone geguritan mujudake sarana kanggo medhar makna lan *ide* penggurit. Basa kang digawe ing tetembungan sajrone geguritan ora mung basa endah nanging uga basa lumrah kang kebak makna, kejaba iku tembung kang bisa nggambarake lan makili

rasa pangrasane panggurit kang arep diandharake lumantar geguritan.

### 3) Gatra

Miturut Aminuddin (2013:144) gatra sajrone geguritan mujudake perangan kang luwih gedhe tinimbang tembung lan bisa nyengkuyung sawining makna tartamtu. Aminuddin uga ngandharake yen carane ngrakit gatra saben-saben panggurit bisa beda. Bab iki disebabake dening anane *licentia poetica* utawa kamardikane panggurit kanggo ngripta geguritan. Dene miturut Pradopo, (2005 :145) gatra mujudake wadah kanggo nyawijekake ide panggurit lumantar tembung.

### 4) Pada

Miturut Aminuddin, (2013:146) pada sajroning geguritan mujudake perangan kang luwih jembar tinimbang gatra, pada minangka pandhapuking makna kang kapisan ing saben gatra kanggo mujudake punjering pamawas. Pigunane pada sajroning geguritan yaiku kanggo mujudake pokok pamikiran tartamtu kang nduweni prabeda kang ana ing saben larik.

### 5) Typografi

Typografi mujudake aspek wujud *visual* kang gegayutan klawan tata sesambungan lan tata gatra. Pigunane typografi yaiku kanggo mangun wujud kang narik kawigaten supaya endah dideleng dening pamaos (Pradopo, 2005:329).

#### 2.3.1.2 Struktur Batin

Miturut Damayanti, (2013:21) struktur batin yaiku struktur kang ana ing sajrone geguritan kanthi sumirat ora bisa dideleng dening pandulu utawa visual. Struktur batin kaperang dadi papat yaiku tema, rasa utawa feeling, nada utawa tone, makna utawa tujuwan.

#### 1) Rasa utawa Feeling

Rasa utawa feeling mujudake pangrasa utawa gagasan panggurit sing diwujudake sajrone geguritan yaiku ide utawa pokok pikiran geguritan. Tema lan rasa nduweni gegayutan antarane latar belakang sosial panggurit lan psikologi panggurit.

#### 2) Tema

Tema yaiku ide pokok kang diandharake dening panggurit sajrone geguritan. Tema uga sereng diarani minangka dasar carita, miturut Najid (2009:34) tema yaiku pokok persoalan kang ndominasi karya sasta.

#### 3) Tone utawa Nada

Tone utawa nada yaiku sikepe pangripta tumrap pamaos. nada sajrone karya fiksi mujudake ekspresi sikap. Yen sajroning basa lisan nada kaya dene sajrone intonasi, sajrone basa tulis nada mujudake *kualitas* gaya kang maparake sikap pangripta marang masalah kang diandharake lan sikap pangripta marang pamaos. Nada gumantung karo gaya, sajrone nganalisis feeling lan tone, bakal tuwuh pitakonan pamaos ngenani sikepe pangripta tumrap punjering gagasan kang disuguhake lan sikepe pangripta tumrap pamaos. wangsulane awujud sikap trenyuh, sedhih, gumbira, lan sapanunggalane (Aminuddin, 2010:150-151).

#### 4) Makna utawa Tujuwan

Makna utawa tujuan mujudake piweling kang pengen diandharake dening pangripta marang pamaos. piweling mujudake pitutur anatarane pangripta marang pamaos kang isisne ngenani nilai moral. Piweling

pangripta mau diandharake lumantar tetembungan sajrone geguritan Damayanti (2013:22).

### 2.4 Aspek Tematik Sajrone Geguritan

Miturut Hartoko lan Hermanto(sajrone Nurgiyantoro, 2005:68) ngandharake aspek tematik mujudake samubarang kang nduweni gegayutan kato tema. Tema yaiku pamawas dhasar kang kinandhut sajrone karya sastra uga teks minangka struktur semantis kang gegayutan antara siji lan sijine. Tema sajroning reipta sastra umume mujudake gegambar kahanan kang ana ing sakiwa tengene, arupa pengalaman, pamawas, lan sesambungane karo lingkungan (Nurgiyantoro, 2005:71).

### 2.5 Tapsiran Makna

Menehi tapsiran marang geguritan iku kagiyatan kang ora gampang. Bab sing agawe angel yaiku amarga basa kang digunakake dening geguritan iku dudu basa ing padinan. Saliyane iku, geguritan nduweni struktur kang kompleks nggunanake pamilihing tembung, manipulasi swara uga lelewaning basa. Seje karo gancaran, yen gancaran luwih penak amarga nggunakake basa kang biyasa. Geguritan iku dianggep minangka artefak kang ndarbeni makna nalika dimaknai dening pamaos.

### 2.6 Sosiologi Sastra

Sadurunge ngrembung strukturalisme genetik bakal dirembung dhisik ngenani konsep sosiologi sastra. Pendekatan ngenani sastra kang gegayutan karo segi-segi kemasyarakatan diarani sosiologi sastra (Damono, 1978:2). Pendekatan iki nengenake aspek-aspek sosial ing tintingane. Sosiologi sastra yaiku salah sijine telaah objektif lan ilmiah ngenani manungsa sajroning masyarakat lan proses sosial. Sosiologi kanggo mangerteni kepriye masyarakat iku tuwuh lan ngrembaka. Sajroning nyinaoni kadadayan ing masyarakat sosial lan prakarane kabeh, awake dhewe bisa nggambarake ngenani cara-cara manungsa ngaitake jasate karo lingkungane, masyarakate, lan proses budayane (Semi, 1989:52).

### 2.7 Kritik Sosial

Kritik yaiku panyedha utawa tanggapan. Dene sosial yaiku magepokan klawan masyarakat. Adhedhasar pangerten antara kritik lan sosial, kritik sosial yaiku sawijining tanggapan utawa bisa arupa panyedha sawijining bab kang dumadi sajrone masyarakat, saweneh bab kang ora apik, lan sawijing bab kang ora mathuk panggone adhedhasar norma-norma ing masyarakat lan norma liyane. Kritik sosial minangka wedharan pambiji babagan apik lan ala, bener lan luput, sarta mbatheni utawa mitunani, sawijing kahanan utawa kadadayan kang saka behing kepentingan masyarakat (Zuraida lan Rizal, 1993:24).

Kritik sosial sajrone sastra Jawa modern ora dilandhesi dening pamikiran politik. Kritik iki kudune diwawas minangka perangan saka kultur Jawa, yaiku ing perangan “mawas dhiri”, utawa minangka manifestasi “urun rembung” kawula cilik (Hutomo, 1997:64). Kritik sosial kang ana sajrone AGPB yaiku kritik tumrap kahanan masyarakat, kritik sosial tumrap kahanan politik, lan kritik sosial tumrap kahanan ekonomi.

### 2.7.1 Politik

Merkel (jroning Budiharjo, 2008:16) ngandharake yen politik nelahake kahanan kang kurang apik. Kahanan mangkono cundhuk karo kahanan politik asipat ala, yaiku ngrebut kalungguhane liyane, kakuasaan lan kasugihan tumrap kepentingan pribadhi tanpa peduli marang masyarakat kang sarwa kasusahan. Hague (jroning Budiharjo, 2008:16) uga njlentrehake politik minangka kagiyatan kang nduweni sesambungan klawan klompok-klompok masyarakat, anggone nggayuh panemu kang asipat kolektif lan rinaket, upaya kasebut kanggo nglarasake pamikiran-pamikiran kang beda dening para anggota sajroning klompok.

### 2.7.2 Ekonomi

Politik lan ekonomi nduweni gegayutan, yaiku koordinasi unit ekonomi. Koordinasi unit ekonomi bisa dingerteni sajrone unit pasar, pamarentah lan koperasi. Kanthi kagiyatan ekonomi produsen relatif bebas nentukake barang lan jasa kang diproduksi, sarana lan alat produksi kang digunakake, lan sasaran produsen marang konsumen. Gegayutane politik lan ekonomi uga bisa dimangerteni anggone njupuk kebijakan ekonomi utawa peraturan politik kang menahi pangribawa marang kaleksanaane kagiyatan ekonomi utawa mekanisme pasar Aloysius Ramlan (2003:49-51).

### 2.8 Strukturalisme Genetik

Miturut Goldmann (sajrone Jabrohim 2012:81) strukturalisme genetik yaiku sawijining titingan karya sastra kang diwiwiti saka unsur intrinsik karya sastra minangka dhata utamane, banjur nggayutake unsur kasebut karo kasunyatan ing bebrayan, mengkaji latar belakang panguripan sosial kelompok pangripta amarga pangripta minangka bagian saka komunitas kelompok tartamtu, mengkaji sosial budaya lan sejarah kang wenehi pengaruh sajroning pangripta ngripta karya sastra, telung tahap kasebut bakal ngasilake abstraksi pandangan dunia pangripta. Struktural genetik mujudake panliten sastra kang nggayutake antarane struktur karya sastra lan struktur masyarakat kang diandharake lumantar pandangan dunia utawa ideologi (Endraswara, 2003:57).

#### 2.8.1 Fakta Kemanusiaan

Endraswara (2008:60) ngandharake yen panliten kanthi strukturalisme genetik bisa ngungkap fakta kemanusiaan. Fakta kemanusiaan minangka sawernane asil aktivitas utawa tumindak manungsa kang arupa verbal utawa fisik, kanthi dimangerteni dening ilmu pengetahuan (Faruk, 2003 :12). Fakta kasebut bisa awujud kagiyatan sosial, kegiyatan politik, uga kreasi kultural, kayata : filsafat, seni rupa, seni musik, seni patung, lan seni sastra.

#### 2.8.2 Subjek Kolektif

Goldmann (sajrone Faruk 2003 :15) ngandharake yen subjek kolektif utawa subjek transindividual minangka kelompok sosial kang bisa nyiptakake fakta-fakta sosial. Fakta-fakta sosila, kayata : karya-karya kultural kang gedhe, revolus sosial, politik, lan ekonomi kang kadadeyan sajrone masyarakat. Goldmann (sajrone Ratna, 2009:125) ngandharake yen subjek transindividual minangka gagasan utawa pamikiran-pamikiran individu nanging

manunggal dadi siji lan kolektif, kanthi struktur pamikir kelompok. Ing sajrone strukturalisme genetik, subjek transindividual minangka kakuwatan kanggo mangun pamawasing jagad (Ratna, 2009:125). Awit saka iku, subjek kolektif ngasilake pamawasing jagad ngenani masyarakat, apa wae kang dimangerteni, lan narik kawigaten, kang diandharake sajrone karya sastra. Karya sastra kang diripta pangriptane minangka gagasan lan pamikiran kelompok sosial. Semono uga antologi geguritan *Puser Bumi* anggitanane Mas Gampang Prawoto, minangka gagasan lan pamikiran kelompok sosiale Mas Gampang Prawoto.

#### 2.8.3 Pamawasing Jagad

Goldmann (sajrone Faruk, 1999:16) ngandharake menawa pamawasing jagad iku rasa eling kang kaanggep nyata lan ora kabeh pawongan bisa mangerteni. Mula saka kuwi, pamawasing jagad bisa kagambarake kanthi gamblang lan cetha kudu nitingi karya sastra kang agung. Adhedhasar kasunyatan kasebut, pamawasing jagad bisa kanthi gampang uwal saka pamawase yen sastra kuwi ngandhut sipat kang ora pati amba (Fananie, 2002:119). Karya sastra agung yaiku karya-karya kang kasil nangkep lan menahi gegambaran pamawasing jagad jelas kelas sosiale uga dadi sawijining piranti kanthi menahi paedah kanggo ngedegakake rasa eling utawa kesadaran kelas tumrap individune kang dadi anggota kelas sosiale kasebut (Faruk, 2012:162-163).

### 2.9 Lelandhesaning Teori

Lelandhesan teori kang digawe sajrone panliten iki yaiku nggunakake titingan strukturalisme genetik saka andharan Goldmann (Sajrone Faruk, 1999:12-16). Strukturalisme genetik sawijining titingan kang ngrembung bab unsur *intrinsik* kang banjur digayutake karo kanyatan sajrone bebrayan kang nduweni konsep-konsep tertamtu kayata kasunyataning manungsa, *subjek* kelompok, *strukturasi*, lan pamawasing jagad.

### METODHE PANLITEN

#### Ancangan Panliten

Jinis panliten kang digunakake sajroning panaliten iki mujudake panliten *kualitatif*. Miturut Kirk lan Miller sajroning Moleong (2002:3) panliten *kualitatif* yaiku tradhisi tartamtu sajroning ilmu pengetahuan sosial sing kanthi cara *fundamental* kaiket karo pandulu marang manungsa ing lingkunganane dhewe lan wigatine tumrap manungsa-manungsa tartamtu sajroning objeke yaiku panliten *humaniora*, kang isih kaiket makna lan *interpretasi* sajroning karya sastra sing ora *kualitatif*, objek panlitene yaiku karya sastra lan kanyatan kang ana sajrone masyarakat sing ora bisa uwal karo prakara budaya.

Panliten iku uga nggunakake metode *hermeneutika*, miturut Ratna (2009:45) *hermeneutika* yaiku metode kanggo ngerteni agama, saengga metode iki dianggep paling trep kanggo napsirake karya sastra mligine geguritan, amarga karya sastra minangka karya tulis kang paling caket karo agama.

Kajaba nggunakake metode-metode kang kaandharake mau, panliten iki uga nggunakake pamarekan. Amarga kanthi anane pamarekan, pamikir bisa keiket, ora mardika, manut karo teori kang trep

utawa koheren supaya ngolehake pepesthen nalika ngleksanakake sawijining panliten. Pamarekan kang digunakake ing panliten iki yaiku pamarekan strukturalisme genetik. Pamarekan strukturalisme genetik digunakake kanggo ngudhari struktur kang dadi unsur pambangune geguritan, mligine amrih bisa njlentrehake unsur *intrinsik* yaiku *aspek tematik* geguritan lan unsur *ekstrinsik* yaiku bab kang ngaribawani pangripta anggone ngripta geguritan.

### 3.2 Sumber Data Lan Data Panliten

Sumber data lan data panliten kalebu bab kang wigati kang digunakake kanggo panliten. Sumber data lan data panliten iki bakal kaandharake ing ngisor :

#### 3.2.1 Sumber Data

Sumber data kang utama sajrone panliten iki yaiku antologi *Puser Bumi* (AGPB) anggitan Mas Gampang Prawoto. Antologi *Puser Bumi* iki nyaritakake kahanan urip kang ana padesan lan ing kutha gedhe, lan kahanan politik lan ekonomi masyarakat. Kaya kang wis kaandharake ing bab sadurunge menawa panganggone panliten kualitatif iku arupa ukara utawa tetmbungan, wacana, lan tumindak. Sajrone panliten iki kanggo nuduhake anane gegayutane karya sastra karo pangriptane, bisa katemokake lumantar tembung, ukara, padha, gatra kang ana ing antologi geguritan *Puser Bumi* (AGPB)

Kajaba nggunakake sumber data arupa teks geguritan, panliten iki uga nggunakake sumber data arupa latar sosial pangripta, lan pangripta dhewe amrih bisa ngoceki unsur genetik kang ana sajrone geguritan.

#### 3.2.2 Data Panliten

Data yaiku asil saka panliten bisa arupa angka utawa *fakta* (Arikunto, 2010:161). Data kuwi uga sawijining objek kang didadekake bahan tintingan. Miturut andharan Ratna (2009:47), menawa sumber data kang digunakake sajrone panliten sastra yaiku arupa karya sastra utawa naskah, banjur wujud data formale yaiku tembung-tembung, ukara, lan wacana. Sajrone panliten iki, data kang digunakake arupa tembung, ukara, padha, gatra kang ana ing antologi geguritan *Puser Bumi*. Kabeh wujud tembung, ukara, sajrone gatra lan padha didadekake bukti kanggo ndhudhake perkara kang ana sajrone geguritan yaiku kanggo ngoleki unsur *intrinsik* yaiku *aspek tematik* sajrone geguritan ing AGPB lan unsur *ektrinsik* sajrone geguritan utawa kanggo mangerteni pamawasing jagade Mas Gampang Prawoto. Kang pungkasan piguna kang kinandhut sajrone geguritan ing antologi geguritan *Puser Bumi* (AGPB).

#### 3.3 Methode lan Teknik Panliten

Panliten kang bakal dileksanakake ora luput saka tata cara ngolah data, sawenehe tata cara utawa trap-trapan panliten kudu katindakake kanthi trep, tujuwane yaiku supaya ngasilake panliten kang ora nguciwani.

Tata cara kaping pisan, yaiku tata cara nglumpukake data. Kanggo nglumpukake dhata digunakae metode *reduction*. *Reduction* yaiku nyeleksi dhata kanthi cara munjerake marang dhata kang dibutuhake miturut kriteria kang ditemtokake (Siswanto, 2010:74)

Tata cara nglumpukake dhata ing panliten iki nggunakake teknik pustaka, waca, lan cathet. Kajaba ngunakake teknik-teknik kang wus diandharake mau sajrone panliten iki uga nggunakake teknik wawancara. Teknik wawancara jinise ana loro, yaiku wawancara terstruktur lan wawancara ora terstruktur. Teknik wawancara kang digunakake sajroning panliten iki yaiku teknik wawancara terstruktur kanthi nggunakake instrumen panliten arupa pitakonan-pitakonan tinulis kanggo mangerteni, sambung rapete geguritan karo pangriptane, lan pamawasing jagad Mas Gampang Prawoto . Trap-trapane kang digunakake kanggo nglumpukake dhata yaiku :

- 1) Maca geguritan sajrone antologi geguritan *Puser Bumi* (AGPB) anggitan Mas Gampang Prawoto banjur goleki maknane geguritan lan diperang miturut temane dhewe-dhewe
- 2) Geguritan kang diwaca banjur dipilih geguritan kang nduweni tema sosial
- 3) Saka geguritan nganggo tema sosial kang pinilih dijupuk geguritan kang nuduhake tema kritik sosial politik lan ekonomi sajrone antologi geguritan *Puser Bumi* (AGPB).
- 4) Klasifikasi dhata adhedhasar aspek tematiik geguritan.
- 5) Kodifikasi utawa tetenger dhata, marang dhata kang dipilih dadi objek lan kanggo nggampangake pamaos nggoleki geguritan kang wus dipilih sajrone antologi geguritan *Puser Bumi*. Tuladhane (KA. Pd 1. Gtr 6)
- 6) Nindakake wawancara karo Mas Gampang Prawoto minangka panggurit antologi geguritan "*Puser Bumi*" kanggo ngoleki informasi kang gegayutan karo pamawase ngenani geguritan-geguritan karyane.
- 7) Njlentrehake pamawase jagad sajroning geguritan-geguritan kanthi nggayutake geguritan karo pamawase jagade panggurit.

#### 3.4 Instrumen Panliten

Sawijining panliten tansah mrelokake instrument minangka piranti kanggo ngumpulake dhata. Instrumen panliten sajroning panliten iki yaiku panliti dhewe, amarga panliti kang bakal nindakake lan nintingi panliten iki. Saliyane iku, instrument liyane kang diperlokake sajroning panliten iki yaiku cathetan pitakonan kanggo pathokan nalika nindakake wawancara.

#### 3.5 Teknik Analisis Dhata

Tata cara pangolahing dhata digunakake kanggo nganalisis dhata kang wis kasil diklumpukake lan wis diklasifikasekake. Dhata kang wis diklumpukake lan diklasifikasekake mau banjur diwenehi tenger kanggo nggampangake menahi tandha sing didadekake objeke panliten. Sabanjure diwaca lan dicathet kanggo menahi gegambaran isi lan perangan kang ditliti. Perangan kasebut arupa *aspek tematik* geguritan-geguritan sajroning AGPB, analisis unsur *ekstrinsik* yaiku pamawasing jagade Mas Gampang Prawoto sajrone geguritan-geguritan, lan kang pungkasan yaiku piguna kang kinandhut sajrone geguritan ing antologi gegurita

*Puser Bumi* (AGPB) tata cara ngolah dhata kang bakal ditindakake yaiku :

Saka cacahé 74 geguritan sajrone antologi geguritan *Puser Bumi* diperang miturut temane banjur dipilih geguritan kang nduweni tema kang ana gegayutane karo panguripane pangripta. Geguritan kang pinilih banjur ditintangi nganggo analisis unsur intrinsik geguritan utawa analisis struktur. Cara mau katindakake awit geguritan mujudake sawijining struktur kang maknane bisa dijupuk kanthi nintingi makna saben-saben unsur kang gegayutan karo makna unsur liyane (Siswantoro, 2010:13).

Tintingan struktur kapunjerake tumrap aspek tematik yaiku tema kritik sosial politik, lan ekonomi sajrone geguritan ing AGPB. Anggone mangerteni tema utawa napsirake tema sajrone geguritan-geguritan, lan tema kang ana sajrone geguritan mau digayutake karo kasunyatan sajrone bebrayan nggunakake method *hermeneutik*. Kajaba nggunakake tintingan struktur lan tintingan sosiologi sastra uga nggunakake tintingan strukturalisme genetik kanggo mangerteni gegayutane karya sastra karo pangriptane, yaiku kanggo ngoleki pamawasing jagad pangripta, kang pungkasan yaiku ngoleki piguna geguritan-geguritan sajrone AGPB tumrap pamaos lan masyarakat.

#### ASILING PANLITEN

Ing bab iki bakal diandharake asile panliten. Andharan sajrone bab iki bakal diperang dadi patang sub bab. Kang kapisan ngandharake aspek tematik, kaping pindho pamawase Mas Gampang Prawoto ngenenai kahanan politik lan ekonomi ing bebrayan, kaping telu pamawase masyarakat ngenani kahanan politik lan ekonomi. Dene kang pungkasan bakal kagambarake ajining geguritan tumrap bebrayan.

#### 4.1 Aspek Tematik Sajrone Geguritan

Tema kritik sosial mujudake tema kang paling akeh tinemu ing sajrone geguritan anggitané Mas Gampang Prawoto. Cundhuk karo irah-irahan antologi geguritan “ *Puser Bumi*”, akeh banget prakara sosial kang ajeg dumadi ing sajrone bebrayan agung, mligine prakara kang tumuwuh saka sesambungane manungsa siji lan liyane. Geguritan-geguritan kang nduweni tema sosial sajroné antologi geguritan “*Puser Bumi*” mujudake kaca pangilon tumrap prakara kang ana sajrone bebrayan agung. Kaca pangilon kuwi kaya ta : bab katresnan, kahanan politik, kahanan ekonomi kang ana ing bebrayan, panguripane wong karang padesan apadene wong kutha gedhe.

Geguritan kang ngandhut tema sosial sajroné antologi geguritan iki digunakake minangka kritik sosial tumrap kahanan kang ana ing bebrayan agung. Tuladhane yaiku kritik sosial politik lan ekonomi kang bakal diandharake ing ngisor iki :

##### 4.1.1 Politik Kang Ora Sehat

Kahanan politik ing Indonesia kang ora sehat bisa dingerteni sajrone pethikan geguritan kanthi irah-irahan “*Mahasiswa Unggah-Unggahi*”. Sajrone geguritan kuwi bisa dingerteni kahanan Indonesia nalika jaman reformasi. Kahanan kang kebak karo perpolitikan kang ora sehat. Geguritan kanthi irah-irahan *Mahasiswa Unggah-Unggahi* iki ngandhut

surasa politik lan minangka sarana dhokumentasi kanggo mengeti nalika Indonesia ing jaman reformasi. Udhakara taun 1998 Indonesia ngalami jaman kanthi aran jaman reformasi yaiku jaman sakwise jaman orde baru, sajrone jaman reformasi iki minangka puncak saka karuwetan kang dialami pamrintahan Bangsa Indonesia.

Politik ing Indonesia kang ora sehat ditandani anane tumindak KKN yaiku singkatan saka Kolusi, Korupsi, lan Nepotisme. Katelune iku padha-padha tumindhak kang ngrugekake negara lan masyarakat. Katelune iku mau ana gayutane siji mbaka sijine. Tebut kalungguhan, jupuk dhuwit kang dudu hake, lan kong kalikong iku kang ndasari anane tumindak KKN kasebut..

Jaman reformasi salah sawijining puncak saka kahanan KKN akeh para pejabat negara kang tumindakake ora becik, lan akeh masyarakat cilik kang uripe rekasa. Kahanan-kahanan kang kaya mangkono bisa dingerteni sajrone geguritan kanthi irah-irahan “*Mahasiswa Unggah-Unggahi*” yaiku kayata pethikan geguritan ing ngisor iki.

Kanthi margi, kanthi margi nyerat puisi  
Bisa thukul sajroning ati  
Urip ngrembuyung ing sanubari  
Kang bisa mbendhung ombaking korupsi,  
kolusi,  
nepotisme lan arogansi  
(MUU. Pd 3. Gtr 1-5)

Pethikan geguritan kanthi irah-irahan *Mahasiswa Unggah-Unggahi* bisa dingerteni yen nduweni wujud tipografi yaiku sajrone geguritan nggunakake pada, lan saben pada kasusun 8 gatra. Sajrone geguritan anggitané Mas Gampang Prawoto kanthi irah-irahan *Mahasiswa Unggah-Unggah*, uga ana pada kang kasusun mung 6 gatra. Panggurit ing kene ora pati nengenake tipografi sajrone geguritan nanging panggurit luwih nengenake aspek suwara geguritan.

Geguritan kanthi irah-irahan “*Mahasiswa Unggah-Unggahi*” nggambarake, yen ing jaman reformasi kahanan politik lan ekonomi masyarakat ala banget, nalika jaman reformasi akeh para pejabat kang ngelakoni tumindak ala lan luwih nengenake kepentingan awake dhewe-dhewe, tumindak-tumindak kang ala kasebut kayata kang digambarke sajrone geguritan anggitané Mas Gampang Prawoto yaiku para pejabat padha ngelakoni tumindak korupsi, kolusi, nepotisme lan arogansi.

Geguritan liyan kang nuduhake yen kahanan politik kang ana ing sakiwa tengen panggurit utawa pamrintah ora sehat bisa dingerteni sajrone geguritan kanthi irah-irahan “*Semar Kunci*”, “*Umbul*”, “*Uler*”. Para pawongan kang terjun sajrone donyane politik mesthi bakal kepengen nduweni kalungguhan, lan anggone nggayuh kalungguhan mau bisa kanthi maneka cara, wiwit ngumbar janji marang rakyat, nikung kancane dhewe, uga kanthi cara nyogok utawa tuku kursi. Gegambarane kang kaya mangkono bisa dingerteni sajrone pethikan geguritan ing ngisor iki :

umbul gambar panggah dolanan

umbul apa wae panggah gambar  
gambar apa wae panggah ora tenanan  
gambar salemba sing diguntingi  
gambar siji sing dibagi-bagi  
gambar kanggo golek kursi  
(UM. Pd 5. Gtr 1-6)

Pethikan geguritan mau nuduhake yen kahanan politik kang ana ing sakiwa tengene panggurit. Para pawongan kang kepengen nduweni kalungguhan bisa ngelakoni tumindhak kang ora pantas yaiku salah sawijine kanthi tuku kursi. Ing jaman samangke iki ana kagiyatan tuku tinuku ora mung ana ing sajrone kagiyatan politik kang padha rebut kalungguhan, nanging sajrone isntansi tartamtu uga ana kagiyatan nyogok utawa kanthi menahi dhuwit kanggo ngelancarne apa kang dadi kekarapan pawongan tartamtu.

#### 4.1.2 Kahanan Ekonomi Kang Kurang Ora Stabil

Kritik sosial minangka pambiji apik salahe, bener salahe, sarta nguntungake utawa ngrugekake sawijning prastawa uga kedadeyan tumrap kepentingan masyarakat. Salah sawijining kritik sosial kang ana sajrone AGPN yaiku kritik tumrap kahanan ekonomi. Geguritan kang nggambarake kahanan ekonomi ing bebryana yaiku kayata ing geguritan kanthi irah-irahan “*leles*”, geguritan kanthi irah-irahan “*Leles*” makili kahanan ekonomi pawongan kang ngalami kasusahan anggone nyukupi kabutuhan uripe.

Geguritan kanthi irah-irahan “*Leles*” ngemu surasa kahanan ekonomi wong desa. Tembung *leles* dhewe nduweni teges “*minta-minta*” utawa “*mencari sisa-sisa padi*”. Saka tembung *Leles* kasebut bisa dimangerteni kahanan wong karang padusunan kang rekasa anggone nyukupi uripe. Bab kasebut bisa dimangerteni sajrone pethikan geguritan ngisor iki.

Le...., coba sawang  
Ing tengah sawah, panas ngenthang  
Kang ngolak-alik damen lan mlirit merang  
Thithil jumpu, mbok sri tilas kabuang.  
(LS.Pd 1. Gtr 1-4)

Pethikan mau bisa dingerteni kahanan panguripane wong karang padusunan kang rekasa anggone nyukupi kabutuhane. Tembung *Leles* kang dimaksud sajrone geguritan iki yaiku makili pawongan kang pakaryane ing tengah sawah wektu pari dipanen utawa dipisahake saka damen, para pawongan kasebut *leles* saka sisa-sisa pari kang ana ing damen. Sajrone padusunan pakaryan kasebut diarani “*ngasa*” kang nduweni teges “*mencari, mau mengambil menjadi miliknya*”. Pakaryan iki ditindakake dening pawongan kang ora nduweni sawah, mula pawongan kasebut nalika ana pari kang arep dipanen pada melu ing tengah sawah kanthi pangarep-arep anane sisa-sisa pari ing damen.

Geguritan anggitané Mas Gampang Prawoto iki minangka gegambarane kasunyatan kang ana ing padusunan, kahanan utawa gegambarane kasebut bisa dimangerteni sajrone geguritan kanthi irah-irahan “*Leles*”.

#### 4.1.3 Rebut Kalungguhan utawa jabatan

Indonesia minangka negara demokrasi lumrah yen ing Indonesia tinemu sawetara partai politik. Salah sawijine bukti yen negara demokrasi yaiku anane pemilu kang diwiwiti taun 1955. Sajrone taun 1955 Indonesia miwiti kagiyatan pemilu lan nalika kuwi kahanan Indonesia isih kurang kondusif. Lan taun 2004 pemilu pertama kang masyarakat iya nduweni peran kanggo milih calon pemimpin negara iki. Ora mung pamilihan pemimpin negara nanging saiki masyarakat kanthi bebas bisa milih sapa kang bakal mimpin dhaerah wiwit teka desa nganthi tumekane presiden. Kahanan jagading politik ing Indonesia jaman iki wis teka babakan kang nguwatirake amarga kegawa sipat fanatik lan anane praktek tuku swara tansah ndadekake nyoret jeneng demokrasi iku dhewe. Saliyane iku partai politik uga digawe sarana kanggo rebut kalungguhan. Wis dadi pirembugane masyarakat yen saben-saben partai politik kang gedhe mesthi nduweni kalodhangan kang gedhe uga kanggo menangake saben-saben pamilihan. Jalaran partai politik mau bisa nggolek masa kang akeh kanthi tumindak culika yaiku kanthi nuku swarane liyan.

Sajrone *Antologi Geguritan Puser Bumi* anggitané Mas Gampang Prawotobisa dingerteni yen sajrone geguritan ngemot tema politik yaiku para pejabat kang padha rebut kalungguhan. akeh para pawongan kang padha rebut kalungguhan. Para pawongan kang kepengen nduweni kakuasaan bakal ngelakoni maneka cara kanggo nggayuh apa kang dadi pepengene. Para politikus mesthi bakal ngelakoni maneka cara tumindal kanggo nggayuh apa kang dadi pepengene. Bab kasebut bisa dingerteni sajrone pethikan geguritan ing ngisor iki :

Pandawa apa kurawa  
Ginelar tandhing bratayuda ing kuru setra  
Rebut negara panguasa dhampar kencana  
Isen-isene balung swiwi tanpa daging  
(SK. Pd 1. Gtr 1-4)

Pethikan geguritan mau bisa makili ngenani kahanan politik kang ana ing sakiwa tengene panggurit. Para pawongan kang padha rebutan kalungguhan, ora masi sapa lawane mbuh iku isih dulur, kanca, apa ora. Kang ana ing pikirane para pawongan kasebut mung kepriyen carane bisa oleh kalungguhan.

Ora mung iku wae sajrone *Antologi Geguritan Puser Bumi* , bisa dingerteni yen sajrone golek kursi ana maneka cara kang bakal dilakoni dening pawongan. Anggone nggayuh kakuasaan iya kanthi cara kang ora becik yaiku endi sing cedhak iya kuwi kang bakal bisa mbiyantu nggayuh apa kang dadi pepengene, ing kene ijazah utawa prestasi ora pati ditengenake kang luwih penting yaiku kenal akrab karo wong njero instansi tartamtu. Kahanan kang kaya mangkono bisa dingerteni sajrone geguritan ngisor iki :

Anane mung becik lan ala, ndilat  
panguasa ngicak mahasiswa  
Donga-dinonga, lengsero aku kang  
ngreksa  
Ijah orapati piguna, endi sing  
cedhak ya...manga kersa

(SK. Pd 2. Gtr 1-3)

Pethikan geguritan mau bisa dingerteni yen ijazah ora pati nduweni piguna, yen kenal marang wong dhuwuran mesthi apa kang dadi pepengeni bakal kasembadan. Sajrone kagiyatan politik ora mung endi sing cedhak nanging pawongan kasebut uga kudu nduweni dhuwit kanggo nyengkuyung anggone nggayuh kalungguhan. Pamawas kang kaya mangkono bisa dingserteni sajrone pethikan geguritan ing ngisor iki :

Umbul gambar panggah dolanan  
Umbul apa wae panggah gambar  
Gambar apa wae panggah ora tenanan  
Gambar salebaran sing digunting  
Gambar siji sing dibagi-bagi  
Gambar kanggo golek kursi  
(UM. Pd 5. Gtr s1-6)

Pethikan geguritan mau nuduhake yen Mas gampang prawoto nggambarake kagiyatan politik akeh maneka strategi lan trik kanggo menang, lan nggayuh kalungguhan. Ana pawongan kang gelem ngelakoni tumindhak kang ala lan uga ana pawongan kang isih manut aturan main kang becik. Salah sawijining kagiyatan politik kang ditindakake kanggo ngayuh kalungguhan yaiku kanthi janji-janji marang rakyat, nduweni kenalan akrab wong ndhuwuran, lan nduweni dhuwit akeh kanthi kanggo nyogok utawa tuku suara rakyat.

#### 4.1.4 Hukum Dadi Dolanan

Geguritan anggitane Mas Gampang Prawoto nggambarake kahanan hukum kang ana ing sakiwa tengene. Sajrone geguritan bisa dingerteni hukum kang ana ing bebrayan sing kurang teges lan kaya-kaya ora ana sing wedi karo aturan hukum kang berlaku ing pamrentahan. Akeh pawongan kang padha ngelakoni tumindhak kang ala utawa akeh pawongan kang padha ngelanggar hukum. Hukum kang berlaku kaya ora ana ajini amarga akeh pawongan kang padha ngelanggar hukum. Tuladhane para pejabat pamrintahan kang padha ngelakoni tumindhak korupsi lan liya-liyane kang ngelanggar hukum, kanthi kahanan kang kaya mangkono nyebabake pengadilan rame amarga akeh para pejabat kang ngelakoni tumindhak kang ala. Pamawasing jagad panggurit kang kaya mangkono bisa dingerteni sajrone pethikan geguritan ing ngisor iki :

othok-othok....., othok-othok..  
tekek....,  
pasar, super-market lan moll  
kalah rame karo pengadilan  
tivi-tivi padha crita marang juragane  
yen ana telenovela anyar  
“bang kenduri” dadi lakone  
othok-othok....., othok-othok  
(TK. Pd 3. Gtr 1-8)

Pethikan geguritan mau nuduhake ngenani kahanan hukum kang ana ing sakiwa tengene Mas Gampang Prawoto. Kahanan pengadilan kang rame minangka bukti yen akeh para pawongan kang padha ngelakoni tumindhak kang ala utawa ngelanggar aturan ukum kang ana. Sajrone pethikan geguritan kanthi irah-irahan *TEKEK* kasebut nggambarake kahanan hukum

iku diibaratake kaya dolanan bocah cilik nalika pasaran amarge akeh para pawongan kang padha mleba metu pengadilan amarga padha golek menang utawa bener awake dhewe-dhewe nalika kesandung masalah ukum. Kahanan kang kaya mangkono bisa dingerteni sajrone pethikan geguritan ing ngisor iki ;

mangsa nggawa mangsan  
othok-othok..., othok-othok  
tekek  
pengadilan dadi sinetron  
hakim sewu oleh telu, ombyokan  
hukum dadi dolanane bocah cilik  
cilik nalika pasaran  
(TK. Pd 5. Gtr 1-7)

Pethikan geguritan mau uga bisa nuduhake pamawasing jagad panggurit ngenani kahanan hukum kang ana ing sakiwa tengen panggurit. Mas Gampang Prawoto nduweni pamawas yen kahanan hukum ing Indonesia kaya dadi dolanane bocah cilik. Akeh pawongan kang padha mlabu-metu pengadilan. Sajrone pethikan geguritan mau uga ana tembung *pengadilan dadi sinetron* bab kasebut bisa dingerteni yen sajrone hukum uga kaya panggung sandiwara yaiku kaya sinetron-sinetron kang ana ing tivi-tivi. Akeh para pawongan kang padha golek benere padha nyalahne siji marang sijine padha adu argumentasi sajrone pengadilan.

#### 4.1.5 Para Pejabat Kang Seneng Ngumbar Janji

Janji minangka samubarang kasanggupane manungsa kanggo nindakake samubarang kang wus disarujuki dening liyan. Ana kang kandha yen janji iku padha karo utang. Yen janji iku dipadhakake karo utang samesthine kudu dibayar. Mbayare janji iku ora mbayar kanthi wujud dhuwit nanging kanthi nindakake apa kang wis dijanjikake mau. Akeh wong sing seneng janji nanging isih sethithik wong kang gelem nindakake janji mau. Akeh-akehe wong kang janji mau padha nyulayani janji apa kang diucapake. Ora mblenjani janji uga bisa digunakake kanggo nggayuh kapercayaning liyan sarta kanggo njaga kawibawan. Pethikan geguritan kang nuduhake yen ing kahanan kasebut bisa dingerteni ing ngisor iki:

Ati-ati  
Sesuk isuk ing latar ngarep  
Uler-uler bakal nawakake janji  
Janji yen dheweke mbesuk dadi kupu  
Bakal sabiyantu ngoyak kembang  
Kembang nedheng mekar dadi woh  
Wohing kemakmuran  
(ULR. Pd 2. Gtr 1-7)

Janji minangka samubarang kasanggupane manungsa kanggo nindakake samubarang kang wus disarujuki dening liyan. Ana kang kandha yen janji iku padha karo utang. Yen janji iku dipadhakake karo utang samesthine kudu dibayar. Mbayare janji iku ora mbayar kanthi wujud dhuwit nanging kanthi nindakake apa kang wis dijanjikake mau. Akeh wong sing seneng janji nanging isih sethithik wong kang gelem nindakake janji mau. Akeh-akehe wong kang janji mau padha nyulayani janji apa kang diucapake. Ora mblenjani janji



uga bisa digunakake kanggo nggayuh kapercayaning liyan sarta kanggo njaga kawibawan.

#### **4.2 Pamawase Mas Gampang Prawoto Ngenani Kahanan Politik lan Ekonomi Sajrone Bebryan.**

Pamawase Mas Gampang Prawoto ngenani kahanan ekonomi lan politik kang ana ing sakiwa tengene bisa dingerteni sajrone asil wawanrembung kang wus katindakake dening panliti. Panggurit nduweni pamawas yen kahanan politik lan ekonomi iku nduweni gegayutan amarga kahanan ekonomi sawijining pawongan uga bisa dadi faktor panyengkuyung anggane pawongan kasebut kadapak sajrone kagiyatan politik. Pamawase mas gampang ngenani kahanan politik lan ekonomi saling nduweni pengaruh bisa dingerteni sajrone asil wawanrembung ing ngisor iki :

Politik tanbisa dipisahake dening ekonomi semana uga ekonomi ora bisa dipisahake karonan politik. Ing jaman saiki jagading politik ora bisa madeg dhewe tanpa anane duit minangka prabeaya kanggo menangake pribadi kanthi cara ngalahake mungsuh-mungsuhe, (ukara kang asring diucapa “Jer Basuki Mawa Beya”) nuju kamulyan dadi pemimpin utawa wakil rakyat kudu wani nggetih, petih lan kelangan bandha. Kanggo njangkepi pribadi kang wasis ing jagading politik kudu nggadheng para sodagar (milyader) minangka sumber lan panguasa ing jagading ekonomi.

Pethikan wawanrembung mau bisa dingerteni yen Mas Gampang nduweni pamawas ngenani kahanan politik lan ekonomi nduweni sesambungan, politik ora bisa ngadheg dhewe tanpa anane panyengkuyung ekonomi. Ekonomi utawa bandha minangka salah sawijining alat kanggo ngalahake musuh-musuh sajrone kagiyatan politik. Mula bab kasebut bisa dingerteni yen kahanan politik ing bebrayan ngunakake politik dhuwit yaiku kanthi cara dol tinuku. Para pawongan yen kepengen nduweni jabatana utawa kalungguhan kudu wani nggetih, petih lan kelangan bandha. Nanging akibat saka politik kang kaya mangkono uga menehi dampak kang negetif kanggo pawonagan kanga pa kang dadi kekarpane ora kasembadan lan pawongan kasebut wus kelangan dhuwit akeh. Bisa ngakibatake shock kang bisa nggawe pawongan kelangan kawarasane yen pawongan kasebut ora kuat mental, wus kelangan tenaga, pikiran lan bandha nanging ora dadi apa-apa utawa apa kang dadi kekarapan kanggo oleh kalungguhan mung sia-sia.

Mas Gampang Prawoto uga nduweni pamawas yen panguwasane politik lan panguwasane ekonomi paribasan kaya wong lanang lan wadon kang bebojoan. Pawongan yen terjun ing donyane politik mesthi mbutuhake dhuwit kanggo ndhukung kariere sajrone kagiyatan politik kanggo ngolek kalungguhan.

Panguwasane politik lan panguwasane ekonomi paribasan kaya wong lanang lan wadon kang bebojoan. Urip

bebarengan, padha nutupi kang dadi kekurangane, munculake kang dadi kaluwihane. Politikus minangka panguwasane pamarintah kang nemtuake kebijakan kang wigati tumrap smlaku lan mlayune ekonomi, mula para ekonom ajeg asok glondhong pangareng minangka upeti minangka mbales budi. Tumrap masyarakat sambung rakete ekonomi lan politik kang dimainake dening pamarintah, ekonon/pasar lan masyarakat, mula masyarakat dadi obyek lan bebanten ing jagading politik lan ekonomi

Saka pethikan wawanrembung mau bisa dingerteni yen Mas Gampang Prawoto nduweni pamawas yen politikus minangka panguwasane pamarintah kang nemtuake kebijakan kang wigati tumrap smlaku lan mlayune ekonomi, kahanan ekonomi gumantung karo kabijakan pamarintah yen pamarintah nduweni kabijakan kanggo mundhaake rega bahan pokok lan rega BBM mula bebrayan mung bisa nrima apa kang wus dadi kabijakan saka pamarintah kasebut.

Panggurit nduweni pamawas ngenani kahanan ekonomi pribadi pawongan kang uripe ing padhusunan. Wong kang urip ing padhusunan sing akeh-akehe pakaryane minangka tani, ing kene Mas Gampang Prawoto nduweni pamawas yen uripe pawongan kang ana ing padhusunan iku rekasa banget anggane nyukupi kabutuhan uripe.

Cekak cingkrang urip sarwa kekurangan Panelangsane kawula ing padhusunan. (LLS. Pd 2. Gtr 1-5)

Pethikan geguritan mau bisa makili pamawasing jagad panggurit, yaiku ngenani kahanan ekonomi pribadi pawongan kang uripe ana ing karang padhusunan . Para pawongan kang uripe ing padhusunan sing pakaryane luwih akeh dadi tani, para tani kang nyambut gawene ing sawah kanthi gegarap sregep lan rekasa anggane gegarap sawah biyasae asil kang dipanen ora sumbu karo tenagane, apa mane para pawongan kang uripe ing padhusunan lan ora nduweni sawah, mesthi pawongan kasebut bakal urip sarwa rekasa lan kecingkrangan.

Kahanan Ekonomi kang ana ing bebrayan bisa disebabake saka asil kabijakan pamrintah, kayata mundhake rega-rega kabutuhan pokok kanggo urip kang mundhak uga bisa asil saka kebijakan pamrintah kang mundhakne rega, salah sawijine yaiku pamrintah kang nggawe kebijakan mundhake rega BBM kang bisa njalari kabeh rega otomatis melu mundhak. Mas Gampang Prawoto nduweni pamawas ngenani kahanan ekonomi kang diakibatake saka kabijakan pamrintahan, bab kasebut bisa dingerteni sajrone pethikan ing ngisor iki:

Uwos regine ngowos  
Gendhis regine miris  
Lisah regine tansaya sayah  
Kopi mindhak mboten nututi

Regi susu ndadekake nesu  
Undhake bensin ora duwe isi  
Regi iwak lali sanak  
(PB. Pd 2. Gtr 1-7)

Pethikan geguritan mau bisa makili pamawasing jagad Mas Gampang Prawoto ngenani kahanan ekonomi masyarakat. Kahanan ekonomi kang disebabake amarga anane kebijakan pamrintah kang bisa nggawe kapitunane wong cilik. Kabeh rega kabutuhan pokok kang mundhak bisa njalari panguripane wong cilik sarwa rekasa anggane nyukupi kabutuhan uripe.

Sing jerene Indonesia iki rakyat wus padha makmur amarga nduweni sumber daya alam kang mlimpah lan tanah kang subur, nanging satemen rakyat isih padha nganggur. Pamawase Mas Gampang Prawoto kang nuduhake yen sejatine rakyat durung makmur isih akeh rakyat kang nganggur lan kacingkrangan uripe. Pethikan geguritan kang bisa makili pamawasing Mas Gampang Prawoto ngenani kahanan masyarakat kang durung urip kanthi makmur, kaya ta pethikan geguritan ing ngisor iki :

Unen-unene rakyat wis padha makmur  
Satemene akeh kang padha nganggur  
Apa maneh mikirake omah, w clan sumur  
Kanggo mangan sesuk, isih durung nempur  
Amerga tukang ngapusi ngaku jujur  
(JRN. Pd 4. Gtr 1-5)

Pethikan gegurita mau nuduhake kahanan ekonomi masyarakat amarga anane kabijakan saka pamrintah, yaiku para tukang ngapusi kang ngaku-ngaku jujur. Mas Gampang nduweni pamawas yen kahanan ekonomi masyarakat kang sarwa susah bisa disebabake amarga saka kabijakan pamrintah, salah sawijine yaiku pamrintah kang mundhakne rega BBM kang otamatis kabeh bahan kabutuhan pokok urip bebrayan melu mundhak.

Tema politik lan ekonomi kang ana sajrone geguritan uga ngemu piweling utawa pitutur kanggo para pamaos, iki cundhuk karo profesi Mas Gampang Prawoto kang minangka guru, yaiku guru sing menahi piweling utawa pitutur kanggo murid-muride. Mas Gampang Prawoto ora mung nggambarake kahanan ekonomi lan politik kang ana ing sakiwa tengene nanging uga menahi piweling lan pitutur bab mau bisa dingerteni sajrone geguritan kanthi irah-irahan “*Garudhaku*”.

Garudhaku..  
aja ninggalake pangkringan  
pakan lan omben bakal dadi jarahan  
bangsa-bangsa kang paring utangan  
(Pd. 3. Gtr 1-4)

Panggurit sajrone pethikan geguritan mau kepengen menahi piweling kanggo pamaos utsawa bebrayan. Tembung *garudhaku* kang bisa ditegesi minangka pawongan lan uga bisa ditegesi minangka simbol saka pancasila kang minangka dhasar-dhasar negara Indonesia. Sajrone geguritan kanthi irah-irahan “*Garudhaku*” panggurit menahi piweling yen manungsa kudu nduweni paugeran sajrone urip, apa mane sajrone era globalisasi iki akeh pengaruh-pengaruh saka jaba

lan manungsa kudu bisa mbedakake endi sing apik lan ala. Yen bebrayan ora nduweni paugeran utawa kelangan jati dhiri mesthi bakal kelangan bab kang paling wigati sajrone uripe. Sajrone pethikan geguritan mau uga diduduhake yen manungsa utawa bebrayan yen ninggalake paugeran, Indonesia iki bakal dadi jarahan bangsa-bangsa kang paring utangan.

### 4.3 Pamawase Masyarakat Ngenani Kahanan Politik lan Ekonomi

Pamawasing jagad kalebu pamawasing bebrayan ngenani kahanan kang ana ing sakiwa tengene. Mligine yaiku ngenani kahanan politik lan ekonomi kang ana ing bebrayan. Pamawasing jagad mau bisa dingerteni sajrone pawarta kang kadadeyan ing bebrayan mula ing panliten iki data kang digunakake kanggo mangerteni pamawasing jagad ngenani kahanan politik lan ekonomi bakala dijupuk data saka teks yaiku teks yaiku ariwanti (Koran). Saka data kasebut bisa dingerteni kahanan politik lan ekonomi kang bakal diandharake ing ngisor iki ;

#### 4.3.1 Rebut Kalungguhan

Kagiyatan politik kang nduweni tujuwan kanggo kesejahteraan rakyat sajrone kasunyatan beda banget karo tujuwan-tujuwan sing samesthine. Kahanan politik ing Indonesia wiwit jaman reformasi kang minangka puncak saka kahanan Indonesia sing ala ing bidang-bidang sosial, nganthi jaman samangke kahanan politik ing Indonesia isih adoh saka kahanan apik. Akeh para pejabat lan pawongan kang nduweni kakuasaan luwih nengenake kepentingane pribadi tinimbang kepentingan lan kesejahteraan rakyat. Pawongan kang terjun ing donyane politik kudu pinter taktik kanggo ngalahake lawane, lan kudu nduweni dhuwit.

600 Posisi Sarone 138 BUMN  
Ditawarake Relawan Jokowi  
Jakarta-Sumber SINDO Weekly  
ngandharake, ana sakitar 600 posisi  
sajrone 138 BUMN kang ditawarake  
Menteri BUMN Rini Soemamo  
marang para relawan kang  
berkontribusi sajrone dipilihe Jokowi  
Widodo (Jokowi) dadi presiden.

Pawarta mau nuduhake yen anane kagiyatan politik sajrone pemilu, para relawan kang mbiyantu kanggo kemenangan para calon pemilu mesthi bakal melu nampa utawa kena imbas saka asile pemilu, yen Tim Sukses kasil anggane ndadekake kadere dadi pemimpin mula Tim Sukses utawa relawan kasebut mesthi iya kepengen oleh imbalan saka usahane minangka pawongan kang mbiyantu nyuksesake calon kasebut kasil dadi kapilih. Bab kasebut bisa dingerteni sajrone pawarta yaiku para relawan Jokowi ditawari kursi sajrone BUMN, samesthine kursi-kursi kasebut ora perlu ditawarake kanthi cara cuma-cuma, nanging kudu kanggo wong kang pancen pantes nrima yaiku para pawongan kang nduweni prestasi lan pancen nduweni kemampuan sajrone bidang kang dibutuhake dening BUMN.

Ketua Umum Federasi Serikat  
Pekerja BUMN kaliyan Arief  
Poyuono nanggapi kabar mau

kanthi sinis, miturut Federasi lan Arief Poyuono para relawan Jokowi iku kayata wong kang nagih utang, amarga wus mbiyantu Jokowi kasil dadi Presiden.

Pethikan pawarta mau nuduhake yen para relawan saka partai politik iku kaya wong kang nagih utang yen calone wis kasil dadi pemimpin mesthi para relawan bakal njaluk imbalan. Wong kang njaluk imbalan utawa pawongan kang nagih utang uga bisa diarani (*debtcollector*), mula pawongan kang diarani *debtcollector* ora mung wong kang senenge nagih utang utawa ngutangake dhuwit marang wong liya. Sajrone kagiyatan politik uga ana *debtcollector* yaiku pawongan kang njaluk imbalan nanging kanthi cara njaluk kesejahteraan material kanthi cara njaluk kadudukan ing sawijining instansi utawa kursi marang pawongan kang wus dibiyanu.

Kagiyatan politik ora mung kedadeyan ing sajrone partai utawa DPR, nanging saiki meh kabeh instansi pamrintah mesthi baka ana kagiyatan politik. Kayata pamilihan Wakapolri kang samesthine dipilih amarga nduweni prestasi lan kemampuan nanging bab kasebut kurang diperhatikne. BG kang nduweni kasus utawa kesandhung isu korupsi samesthine di usut luwih dhisik, sadurunge dheweke didadekake calon Wakapolri. Kahanan kasebut bisa dingerteni sajrone pethikan pawarta ing ngisor iki ;

Pemilihan BG kang bakal didadekake Wakapolri ngakibatake pro lan kontra ing masyarakat. Ketua tim Sembilan Syafii Maarif bingung karo keputusan Wanjakti Polri kang wus ngusulake jenenge BG dadi Wakapolri. Miturut Syafii, “polisi kang apik iku akeh, nanging kenging napa BG kang diusulake dadi Wakapolri?”.

Janji kang ditawarake dening Ketua Umum Partai Golkar Aburizzal Bakrie beda karo janji kang ditawarake Ketua Umum Partai PAN, PAN mung njanjikake kesehatan lan pendidikan murah saengga kabeh kalangan masyarakat bisa sekolah. Janji kang ditawarake dening Ketua Umum Partai PAN yaiku pendidikan kang nduweni kualitas, fasilitas kesehatan kang lengkap lan apik. Ketua Umum Partai PAN uga ngandharake yen sajrone reformasi gelombang kaloro iki ana bab-bab kang wigati yaiku kayata, reformasi pendidikan kanthi menahi pendidikan kang murah lan nduweni kualitas, reformasi kesehatan, reformasi ekonomi, lan reformasi birokrasi.

Dene janji kang ditawarake dening ketua umum Partai Hanura yaiku Mantan Panglima TNI, njanjikake kanggo mbrantas korupsi kang ana ing Indonesia. Yen Indonesia dadi negara kang bebas saka korupsi lan para wakil rakyat ora ngelakoni tumindak korupsi mesthi bakal digayuh Indonesia kang makmur lan kahanan ekonomi ing Indonesia uga bisa stabil. Amarga para wakil rakyat padha nindakake tugase kanthi jujur lan nengenake kepentingane rakyat. anthi prekonomian kang apik lan stabil uga bisa menahi pangaribawa

sajrone panguripane rakyat, masyarakat bisa oleh bantuan kang luwih apik lan nduweni fasilitas kang lengkap. Prekonomian kang stabil bisa menahi pangaribawa sajrone bidang pendidikan lan kesehatan, pamrintah uga bisa menahi pendidikan lan kesehatan gratis marang rakyat. Janji-janji kang ditawarake dening ketua umum partai Hanura bisa dingerteni sajrone pethikan pawarta ing ngisor iki ;

Partai Hanura, merangi korupsi uga disinggung-singgung ketua umu partai Hanura Wiranto nalika kampanye ing Parkir Timur Gedung Olahraga Kabupaten Sidoarjo, Jawa Timur, Minggu (16/3). Mantan Panglima TNI janji marang rakyat ora segan-segan mbrantas korupsi.

Pethikan pawarta mau nuduhake yen ketua Umum Partai Hanura janji marang rakyat bakal mbrantas korupsi kang ana ing negara iki. Tumindhak korupsi mujudake tumindhak kang paling sering kedadeyan sajrone instansi-instansi negara, lan akeh para pejabat kang wus ngelakoni tumindak kasebut. Korupsi ora mung bisa dingerteni sajrone era globalisasi wae nanging nalika era orde lama lan orde baru uga wus ana para pejabat kang padha ngelakoni korupsi kang tujuwane kanggo pribadhine dhewe-dhewe. Puncak saka tumindak korupsi yaiku nalika era reformasi lan nganthi saiki uga isih ana para pejabat kang gelem ngelakoni korupsi utawa nyolong ndhuwit negara.

#### 4.3.3 Kahanan Ekonomi Kang Ora Stabil

Kahanan ekonomi ing Indonesia ora stabil, amarga kondisi prekonomian Indonesia ngalami inflasi (gejala naiknya harga0 lan depresi (tingkat pengangguran tinggi). lan kanthi pangrembakane jaman kang sarwa maju menahi dampak ing bidang ilmu, kabutuhan, cara urip manungsa, lan teknologi. Pangrembakane jaman uga menahi dampak sajroning bidang ekonomi, sadurunge jaman Merkantilisme, masalah ekonomi kang ana ing masyarakat yaiku mung kepriye manungsa kasebut bisa nyukupi kabutuhan kaluwargane, nanging ing jaman Merkantilisme, masalah ekonomi lingkupe, yaiku kepriye carane bisa diciptakake neraca dagang (*balance of trade*) kang positif. Permasalahan ekonomi mujudake permasalahan manungsa kanggo nyukupi kabutuhane lan permasalahan kepriye ngasilake kekayaan *material*.

Dene ing jaman samangke permasalahan ekonomi luwih kompleks amarga akeh wong kang ora nduweni pakaryan utawa *pengangguran* lan *pertumbuhan ekonomi* sing ora stabil tanpa anane gangguan inflasi. Kanggo nyelesakake masalah ekonomi kang dialami dening pawongan, wong kasebut kudu bisa golek usaha kanggo nyelesaiake masalah-masalah ekonomi kang dialami dhewe. Pawongan kang pengen bisa nyukupi kabutuhan ekonomi kaluwargane kudu makarya kanthi sregep lan kudu nduweni

pakaryan, yen pawongan ora nduweni pakaryan, wong kasebut bakal ngalami permasalahan prekonomian, penting banget anggane pawongan nduweni pakaryan lan keterampilan kanggo nyukupi kabutuhan uripe, amarga yen manungsa ora nduweni pakaryan lan keterampilan bisa ngakibatake pengangguran saya akeh. Kahanan prekonomian ing masyarakat bisa dingerteni sajrone pawarta, yaiku kayata pethikan pawarta ing ngisor iki :

BBM mundak, biyaya transprotasi mundak, sembako mundak.

Bekasi (beritatrans.com) mundake rega BMM dadi kabar kang ala kanggo rakyat kang ekonomine lemah, kalebu para pedagang. Mundake BBM kasebut bisa ngaribawani mundake rega kabutuhan rumah tangga, mligine beras.

Pethikan pawarta mau nuduhake yen mundake BBM ndadekake kabar kang ala kanga masyarakat utawa wong cilik, amarga mundake rega BBM bisa ngaribawani mundake rega kabutuhan pokok sajrone urip lan bisa njalari para wong cilik kang uripe wus susah tambah susah mane. Kajaba pawarta mau uga ana pawarta liyane kang nuduhake kahanan ekonomi masyarakat, utawa kasunayatan kang ana ing masyarakat. Bab kasebut bisa di ngerteni sajrone pethikan pawarta ing ngisor iki ;

. 5Dampak lan Efek Amarga Mundake Rega BBM.

Lima dampak mundake rega BBM kang ditindakake dening Pamrintahan Jokowi. Kayata kang wis dingerteni yen Pamrintah kanthi resmi menahi pengumuman ngenani mundake rega BBM bersubsidi jinis premium sRp 2.000 per liter kanga wale Rp 6.500 dadi Rp 8.500 per liter. Lsp

Pethikan pawarta mau bisa makili kasunayatan kang ana ing bebrayan. Pawarta kasebut nuduhake kahana ekonomi kang ana ing bebrayan agung, kahanan ekonomi kang kurang stabil, amarga dampak saka mundhake rega BBM. Rega BMM kang mundhak utawa ora stabil bisa ngaribawani panguripane bebrayan mligine sajrone nyukupi kabutuhan uripe saben dina. Yen rega BMM mundak otomatis rega kabutuhan pokok rumah tangga uga bakal mundhak, salah sawijine yaiku rega beras kang mesthi bakal melu mundhak lan para ibu-ibu bakal bingung anggane mbagi dhuwit belanja karo kabutuhan liyane. Permasalahan ekonomi uga bisa njalari manungsa dadi nduweni watak tega utawa nekad, dheweke bakal ngelakoni tumindhak kang nekad yen wus ngalami permasalahan ekonomi utawa kepepet, pawongan kasebut bisa ngelakoni tumindhak nyopet ;an ngrampok. Bab kasebut bisa kedadeyan amarga ora nduweni keahlian utawa pakaryan mula kahanan kang kaya mangkono bisa njalari manungsa ngelakoni tumindhak kang ora becik utawa ngelanggar hukum.

#### 4.3.4 Hukum Kang Kurang Adil

Hukum mujudake aturan kang ngatur tingkah laku utawa tumindake manungsa sajrone bebrayan. Peraturan kang isine ngenani mrentah lan larangan sajrone bebrayan, yaiku ngenani bab kang oleh ditindakake lan sawijining bab kang sajrone ukum ora oleh ditindakake. Mula ukum bisa ditegesi minangka aturan kang ngatur prilaku manungsa kanthi tujuan ora ngerugiakake kepentingan bebrayan utawa umum.

Undang-undang dasar negara Republik Indonesia taun 1945, utawa disingkat UUD 1945 minangka ukum tartulis (basic law), konstitusi pamrintahan negara Republik Indonesia. UUD 1945 disahake minangka undang-undang dasar negara dening PPKI tanggal 18 Agustus 1945.

Indonesia kang misuwur negara ukum, kang kabeh tumindak lan solah bawa diatur sajrone UUD 1945, nanging sajrone prakteke ukum ing Indonesia isih kurang adil kanggo wong cilik, ukum kang tumpul kanggo wong kang nduweni kakuasaan lan jabatan lan lancip kanggo wong cilik. Kasunayatan kasebut bisa dingerteni sajrone bebrayan, bukti yen nuduhake kahanan ukum ing Indonesia isih kurang adil bisa dingerteni sajrone pawarta. Pethikan pawarta kang nuduhake kahanan ukum kang ana ing bebrayan kayata ing ngisor iki ;

Kasus nenek Minah (50) asal Banyumas kang divonis 1,5 nalika taun 2009, amarga nyolong telung buah kakao sing regane mung Rp 10.000

Pawarta mau nuduhake yen sajrone prakteke ukum ing Indoneisa lancip kanggo wong cilik kang ngelanggar ukum. Ukum kang ditrima dening nenek Minah kang umure 50 taun iku semesthine bisa diselesaiake kanthi cara kakuluwargaan apa maneh nenek Minah nyolong amarga dheweke nduweni masalah ekonomi.

Kasunayatan kang nuduhake yen ukum ing Indonesia kuwi lancip kanggo wong cilik utawa rakyat biyasa lan tumpul kanggo pawongan kang nduweni kakuasaan utawa jabatan. Para koruptor kang wus nyolong dhuwit negara lan nggawe kapitunane "*wong cilik*". Ukuman kang ditrima ora sebandhing karo apa kang wus ditindakake dening para koruptor. Sawijining pawarta kang nuduhake yen para koruptor nrima ukuman kang ora sebandhing karo apa kang wus ditindakake bisa dingerteni sajrone pethikan pawarta ing ngisor iki :

Data Indonesia Corruption Watch (ICW) nunjukake yen para koruptor rata-rata mung diukum ora nganthi 2 taun. Ing taun 2010, 269 kasus utawa 60,68 persen mung diukum kurang luwih 1 taun lan 2 taun. Dene, 87 kasus divonis 3-5 taun, 13 kasus utawa 2,94 persen divonis 6-10 taun. Ukuman kang ditrima para koruptor kang luwih saka 10 taun mung 2 kasus utawa 0,45 persen.

Pethikan pawarta mau nuduhake kasunayatan ukum kang ana ing bebrayan . ukum kang tumpul

kanggo kalangan tartamtu, mligine kanggo para wong kang nganggo dae, pejabat pamrintahan, wong kang nduweni kakuwasaan. Kahanan kasebut bisa dingerteni nalika para pejabat padha ngelakoni tumindhak kang ora bener yaiku ngelakoni tumindhak korupsi, utawa nyolong dhuwite negara kang ora hake. Lan saka tumindhak kasebut ngerugikake wong akeh utawa rakyat, nanging saka anggone ngerugikake wong akeh utawa rakyat, para pejabat pamrintahan utawa pawongan kang wus ngelakoni tumindak korupsi mau ora nrima ukuman kang abot.

#### 4.4 Pamawase Jagad

Pamawasing jagad ngenani kahanan politik lan ekonomi ing kene minangka gabungan saka pamawase panggurit lan pamawase masyarakat utawa kasunyatan kang ana ing bebrayan lan minangka dadi ide saka panggurit anggone ngeripta karya sastra. Pamawasing jagad ngenani kahanan politik lan ekonomi bisa dingerteni yen kahanan politik kang ana ing bebrayan mung padha rebut kalungguhan, para pawongan kang kadapuk sajrone donyane politik mesthi bakal pada rebutan kalungguhan, lan bakal ngelakoni maneka cara kanggo ngayuh apa kang dadi pepengeni salah sawijining kanthi cara para pawongan kang kadapuk sajrone politik mesthi bakal ngumbar janji marang bebrayan kanggo milih dheweke, ora mung kanthi cara ngumbar janji nanging uga kanthi cara suap menyuap.

Kahanan kang kaya mangkono asring ditemoake ing bebrayan wiwit ing kalangan padhusunan nagnti kalangan dhuwuran. Politik lan ekonomi iku ora bisa dipisahake kekarone nduweni gegayutan. Pakar politik yen kepengen karier munggah kudu nduweni dhuwit kang akeh, lan politikus minangka panguwasane pamarintah kang nemtukake kebijakan kang wigati tumrap mlaku lan mlayune ekonomi. Yen kebijakan kasebut mung golek keuntungan pribadine dhewe-dhewe bisa nyebabake krisis ekonomi sajrone bebrayan. Kebijaakn pamarintah bisa menahi pengaruh sajrone kahanan ekonomi kang ana ing bebrayan, yen ekonomi ora stabil utawa akeh rega-rega kebutuhan pokok mundhak.

Salah sawijining kang bisa nyebabake mundhake kabeh kebutuhan pokok yaiku mundhake rega BBM kang ana ing bebrayan, yen rega BBM mundhak kabeh rega iya bakal metu mundhak. Mula para pakar politikus kang kadapuk sajrone parti politik minangka pawongan kang nemtukake kebijakan tumrap prekonomian kang ana ing bebrayan.

#### 4.5 Ajining Geguritan Kanggo Bebrayan

Geguritan asipat *dulce at utile*. *Dulce* yaiku endah lan bisa dirasakake lan *utile* yaiku dijupuk paedahae kanggo ngerteni urip lan panguripan. Sipat sing diduweni mau nuwuhake ajining ing saben-saben geguritan, dene ajining geguritan sajrone AGPB anggitan Mas Gampang Prawoto tumrap pamaos kaya kang kaandharake ing ngisor iki :

##### 1) Minangka sarana Panggulawenthah

Geguritan mujudake karya sastra kang kebak pitutur lan patuladhan kang ndumuk rasa pangrasa. Karya seni awujud geguritan nduweni piguna kanggo nuwuhake rasa tanggap tumrap kaendahan sarta rasa

kamanungsan kang wus ilang kagerus lakune teknologi. Geguritan menahi piwulang kanthi samudana ora mlaha kang tundhane ngguron kanthi cetha. Piwulang kang ana sajrone AGPB kaya kaandharake iki :

##### (1) Piwulang bab kamanungsan

Piwulang bab kamanungsan yaiku pitutur kang isine gegayutan karo tata carane manungsa urip ing pasrawungan kanthi bener lan pener, salah sawijining geguritan sajrone AGPB sing ngandhut piwulang bab kamanungsan bisa dingerteni sajrone geguritan kanthi irah-irahan *Kamangka*.

Geguritan kanthi irah-irahan *Kamangka* nggambarake piweling marang kabeh manungsa, yen manungsa ora nduweni ati nurani lan tega marang liyan padha karo manugsa kang ora nduweni kamanungsan. Manungsa kang kaya mangkana bisa diarani dudu manungsa amarga manungsa kang ora nduweni rasa kamanungsan bisa tega marang liyan, lan ora nduweni paugeran sajrone urip, manungsa kasebut uga bisa ngelakoni maneka tumindhak kang ala kanggo ngalahake lawane. Sajrone geguritan kanthi irah-irahan *kamangka* panggurit ngandharake yen manungsa wis ilang kamanungsanne padha karo setan.

##### (2) Piwulang bab agama

Agama mujudake kapitayan sajrone urip kang bisa dadi cagaking urip. Sajrone agama ana ajaran-ajaran utawa paugeran kanggo panguripan ing bebrayan supaya ora nyebal saka dalan kang becik. Wujud piwulang bab agama sajrone AGPB geguritan Tunggal Manunggal Dhiri Siji, mau nuduhake menawa manungsa kudu nduweni imam kang kuat kanggo ngadhepi urip. Ing donyane pasrawungan ala lan becik iku templek dadi siji. Wong kang ora kenceng imane utawa ora nduweni paugeran sajrone urip utawa agama, pawongan kasebut bisa kanthi gampang dipengaruhi karo bab-bab kang ala. anut grubuyug ora isa mbedakake endi dalan kang bener lan endi dalan kang luput nemoni cilaka. Mula sapa wae sing pengin mulya wekasane kudu gelem ngencengi imane kanthi eklas manambah marang pangeran.

##### 2) Piweling

Piweling “pesen” utawa ngemot pesen kanggo manungsa sajrone urip ing bebrayan. Ing jaman kang sarwa canggih iki bakal akeh bab kang ala lan becik, lan para bebrayan kudu bisa mbedakake ndi sing becik lan ala. bab kasebut bisa dingerteni sajrone geguritan kanthi irah-irahan *Aja ndem ndeman*

geguritan mau nuduhake yen para mudha-mudhi ing jaman era globalisasi, kang teknologine ngalami pangrembaka utawa apa-apa ing jama era globalisasi mundhak sarwa canggih iki kudu tansahati-ati. Lan piweling kanggo manungsa sajrone urip iki kudu tansah ileng marag kang nggawe urip.

##### 3) Minangka Sarana Panglipur

Geguritan mujudake karya sastra kang bisa didadekake panglipur uga bisa dirasakake minangka seserepan. Geguritan kang diklumpukake dadi sawining Antologi kang diwenehi irah-irahan *Antologi Geguritan Puser Bumi*, akeh-akehe kacetak ing kalawarti kayata Djaka Lodang yaiku geguritan kanthi irah-irahan “*Kleting Abang*”, “*Tresna*”, “*Kanepson Jaman*”,

“Pacoban”, “Biyung”, “Bonang Branang”, “Sekar Wijaya Kusuma”, “aja ndem ndeman”, “pujangga anom”, “Garudhaku”, “damar jati”, “sabda pinandhita”, jurnal tempe bosok “dhimas”, jaya baya “umbul”, “perkutut”, panjebar semangat “gladhag”, radar Bojonegoro “lemah aking”, lan isih akeh mane geguritan-geguritan kang nate kacetak ing kalawarti.

#### 4) Minangka Simpenan (Sarana Dhokumentasi)

Pigunane geguritan kajaba minangka sarana panggulawenthah, sarana panglipur uga bisa kanggo sarana dhokumentasi. Geguritan bisa didadekake sarana pangeling-eling tumrap kedadean utawa panggonan kang nyata lan tau ana. Wujud geguritan sajrone AGPB anggitane Mas Gampang Prawoto kang bisa didadekake sarana dhokumentasi yaiku kaya kang kaandharake iki :

Bisa uga nulis prosa lan crita  
Legendha kasunyataning bangsa  
Ambukak mega-mega kang  
katutup angkara  
Ngenceng-lempengake sejarah ing  
gergong-gerbong kreta  
Pralayaning mahasiswa, kaukir  
mangsi kencana  
Minangka pahlawan “Reformasi”  
kusumaning bangsa  
(MUU. Pd 4. Gtr 1-6)

Geguritan kanthi irah-irahan *Mahasiswa Unggah-Unggahi* minangka pangeling-eling nalika jaman reformasi. Jaman nalika Indonesia ngalami krisis ing maneka bidang kayata ekonomi, politik. Jaman reformasi akeh banget para pejabat pamrintah kang ngelakoni tumindhak ala yaiku korupsi, kolusi lan nepotisme. Kanthi usaha lan semangat juang para mahasiswa kanthi maneka cara kepengen mbebasake bebrayan saka kahanan kang kebak korupsi salah sawijine yaiku kantho cara demo gedhe-gedhenan. Kabeh apa kang wis ditindakake dening para mahasiswa kang rela ngorbanake wektu, lan nyawa kanggo kemakmuran bebrayan mula para mahasiswa mau pantes yen oleh gelar minangka pahlawan reformasi.

Kajaba geguritan kanthi irah-irahan *Mahasiswa Unggah-Unggahi*, ana geguritan liya kang uga bisa dadi sarana dhokumentasi yaiku geguritan kanthi irah-irahan Gurit Swara Dwipa. Geguritan iki diripta nalika panggurit ana ing sawijing kutha yaiku kutha Palembang, panggurit nggamabarake kahanan kutha Palembang.

Kutha Palembang ing wayah dalu lan panggurit anggane gurit nalika sowan ing kutha Palembang, mula geguritan uga bisa dadi sarana dhokumentasi kanggo panggurit iku dhewe.

Kajaba geguritan kanthi irah-irahan *Mahasiswa Unggah-Unggahi* lan *Gurit Swarna Dwipa*, uga ana geguritan saliyané kuwi kang nduweni piguna minangka sarana dhokumentasi, yaiku geguritan kanthi irah-irahan *Omah Tawon*. Geguritan kanthi irah-irahan *Omah Tawon* iki, minangka geguritan kanggo migeti hari jadi kutha Bojonegoro kang 332 taun. Tawon kang diibaratake minangka bebrayan lan omah kang diibaratake kutha Bojonegoro.

Tawon gung kang makili bebrayan utawa masyarakat Bojonegoro, tawon gung kang minangka jinis tawon madu sing omahe ing alas. Lan tawon gung nduweni sipat bakal mateni sapa wae kang bakal ngganggu utawa ngrusak omahe. Mula geguritan kanthi irah-irahan tawon gung nduweni pangarep-arep yen para masyarakat Bojonegoro padha bebarengan njaga kutha Bojonegoro saka para pawongan kang nduweni tujuwan kang ala.

## PANUTUP

### Dudutan

Geguritan-geguritan sajrone antologi geguritan “*Puser Bumi*” anggitane Mas Gampang Prawoto iki akeh-akehe nduweni tema sosial, mligine kang ana gegayutane klawan kritik sosial politik lan ekonomi . tema kang dijupuk gegayutane karo *historis* panggurit minangka dhasar pamilihing geguritan kang didadekake objek panliten. Saka analisis ngenani tema bisa diweruhi ngenani pamawase Mas Gampang Prawoto marang kahanan politik lan ekonomi kang ana ing sakiwa tengene panggurit.

Asiling panliten iki nuduhake yen ana tema kritik sosial politik lan ekonomi kang ana sajrone antologi geguritan *Puser Bumi*, anggitane Mas Gampang Prawoto. Tema kasebut mujudake salah sawijining gegambarane kasunyatan kang ana ing bebrayan sakiwa tengene panggurit. Tema politik lan ekonomi kayata ngenani, politik kang ora sehat, kahanan ekonomi kang kurang stabil, rebut kalungguhan utawa jabatan, hukum dadi dolanan. Kang pungkasan ngenani para pejabat kang seneng ngumbar janji.

Mas Gampang nduweni pamawas ngenani kahanan politik lan ekonomi nduweni sesambungan, politik ora bisa ngadheg dhewe tanpa anane panyengkuyung ekonomi. Ekonomi utawa bandha minangka salah sawijining alat kanggo ngalahake musuh-musuh sajrone kagiyatan politik. Mula bab kasebut bisa dingerteni yen kahanan politik ing bebrayan ngunakake politik dhuwit yaiku kanthi cara dol tinuku. Dene pamawase jagad masyarakat ngenani kahanan politik lan ekonomi bisa dingerteni saka kedadeyan-kedadeyan kang ana ing bebrayan salah sawijine lumantar ariwanti bisa dingerteni kahanan politik lan ekonomi yaiku kayata rebut kalungguhan, para pejabat kang seneng ngumbar janji, kahanan ekonomi kang ora stabil. Kang pungkasan hukum kang kurang adil.

Ajining guritan kanggo bebrayan , yaiku minangka sarana panggulawentah ing bab kamanungsa, piweling, agama lan kabudayan, minangka sarana panglipur lan minangka simpenan utawa sarana dhokumentasi.

### 5.2 Pamrayoga.

*Antologi Geguritan Puser Bumi* mujudake sawijine karya sastra modern kang ngemot piwulang luhue tumrap pamaos, lumatar geguritan-geguritan kasebut masyarakat bisa mawas kahanan bangsa kang saya mrihatinake kaya saiki. Mula saka kuswi, saka panliten iki, pamaos bisa luwih ngerteni isine geguritan. Panliten iki isih adoh saka tembung kasampurnan,

amarga among winates ngenani struktur bati geguritan mligine tema kang kinandhut sajrone geguritan. Panliten iki among nengenake struktur batin geguritan amarga kepengen ndudhah anane tema kritik sosial spolitik lan ekonomi kang kinandhut sajrone geguritan. Kajaba ngoceki tema kang kinandhut sajrone geguritan panliten iki uga kepengen ngerteni pamawasing jagade pangripta , bab kang ngaribawani pangripta ngripta geguritan.

Panliten ngenani bab kang wis kaandharake mau perlu dianakake maneh kanthi tumemen supaya bisa ngasilake tintingan kang luwih apik, trep lan trewaca. Anane panliten kaya kang kaandharake mau diajab bisa nambah khasanah ilmu ing babagan kasusastran Jawa, mligine ngenani geguritan.

#### KAPUSTAKAN

- Aloysius, Ramlan. 2003. *Konsep-konsep Sosiologi dan Politik*. Surabaya : Lutfansah Mediatama.
- Aminuddin. 2009. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung : Sinar Baru Algesindo
- Aminuddin. 2013. *Pengantar Apresiasi Karya Sastra*. Bandung : Sinar aru Algesindo
- Arikunto, Suharsimi, 1996. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta :Rineka Cipta
- Arikunto, Suharsimi. 2002. *Prosedur Penelitian*. Jakarta: Cipta
- Damayanti, D. 2013. *Buku Pintar Sastra Indonesia*. Yogyakarta : Arask.
- Damono, Sapardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Seuah Pengantar Ringkas*. Jakarta : Depdikud
- Endraswara, Suwardi 2008. *Metodologi penelitian sastra. Epistemologi, model, teori, dan aplikasi*. Yogyakarta : Media Pressindo.
- Endraswara, suwardi 2010. *Falsafah hidup jawa*. Yogyakarta : cakrawala
- Endraswara, suwardi. 2003. *Metodologi penelitian sastra* . Jakarta :PT Buku kita.
- Fananie, Zainuddin. 2002. *Telaah Sastra*. Surakarta : Muhammadiyah University Press.
- Faruk, 1999. *Pengantar Sosiologi Sastra : Dari Strukturalisme Genetik Sampai Post-Modernisme*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.
- Faruk. 2003. *Pengantar sosiologi sastra dari strukturalisme genetika sampai post-modernisme* . Yogyakarta : pustaka jaya offset
- <http://beritatrans.com/2014/11/18/bbm-naik-biaya-transportasi-naik-sembako-naik/#sthash.WRy9bt4R.dpuf>
- <http://beritatrans.com/2015/05/05/gara-gara-pungli-4-pegawai-ssamsat-dipecat-gubernur-ganjar/>
- <http://news.metrotvnews.com/read/2015/04/19/388192/kesulitan-beli-bbm-nelayan-tidak-melaut>
- <http://silontong.com/2014/11/18/5-dampak-dan-efek-serius-atas-kenaikan-harga-bbm-yang-dilakukan-jokowi/>
- Jarohim (Penyunting). 2012. *Teoris Penelitian Sastra*. sYogyakarta : Pustaka Pelajar
- Keraf, Gorys. 2006. *Diksi dan Gaya Bahas, Komposisi Lanjutan I*. Jakarta :PT Gramedia Pustaka Utama.
- Moeloeng, Lexy, 2000. *Metode Penelitian*. Jakarta : PT. Gramedia Pustaka
- Najid. Moh. 2003. *Mengenal Apresiasi Prosa Fiksi*. Surabaya : Unesa University Press.
- Nurgiyantoro, Burhan. 2005. *Teori Pengkajian Fiksi*. Yogyakarta : Gadjah Mada
- Padmosoekotjo. 1953. *Ngrengrengan Kasusatran Djawa*. Yogyakarta. Hien Hoo Sing
- Pradopo, Rachmat Djoko. 1997. *Pengkajian Puisi: Analisis Sastra Norma Dan Analisis Struktural Dan Semiotik*. Jakarta : Gadjah Mada University Press.
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2005. *Pengkajian Puisi. Analisis Sastra Norma Dan Analisis Struktur Dan Semiotik*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press
- Pradopo, Rachmat Djoko. 2005. *Pengkajian Puisi*. Jakarta : Gadjah Mada University Press.
- Pradopo, Rahmat Djoko. 1997. *Pengkajian Puisi*. Jakarta : Gadjah Mada University Press
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Stilistika Kajian Puitika Bahasa Sastra, dan Budaya*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian sastra*. Yogyakarta :Pustaka Pelajar Offset.
- Rosyidi, M. Ikwan dkk. 2010. *Analisis Teks Sastra Mengungkap Makna Estetika, dan Ideologi dalam Perspektif Teori Formula, Semiotika, Hermeneutika dan Strukturalisme Genetik*. Yogyakarta :Graha Ilmu.
- Sayuti, Suminto A. 2002. *Berkenalan Dengan Puisi*. Yogyakarta : Grama Media
- See more at: <http://beritatrans.com/2015/03/27/600-posisi-di-138-bumn-dikabarkan-ditawarkan-ke-relawan-jokowi/#sthash.wCqUMDUo.dpuf>
- Siswantoro. 2010. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.
- Sudaryanto. 1993. *Metode Dan Aneka Teknik Analisis Bahasa* : Pengantar Peneliti Wahana Kebudayaan Secara Linguistik.
- Sugiyono. 2008. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R & D*. Bandung. Alfabeta
- Teeuw, 1998. *Sastra Dan Ilmu Sastra Pengantar Teori Sastra*. Jakarta : Pustaka Jaya Giri Mukti Pasaka.
- Teeuw, A. 1984. sJakarta : Dunia Pustaka Jaya
- Waluyo, Herman. J. 1995. *Teori dan Apresiasi Puisi*. Jakarta : Erlangga.
- WWW. Facebook. Persahabatan anak Indonesia